

Itilize Jwèt Lèt Gratis yo pou pratike mo òtografik yo


[Jwèt Gratis Kare Lèt](#) ou gen aksè ak li nan sit entènèt Really Great Reading lan anba nan pati Home Connection la. Yo ka itilize Resous sa a pou pratike òtograf mo yo lè w'ap konpare lèt yo ak son yo pou eple yo.

Metòd

1. Premyèman, di pitit ou a mo: "fish"

(Si ou ta renmen konnen siyifikasyon yon mo, ou ka gade l' sou entènèt la, Google, elatriye)

Après sa, pitit ou a ap melanje son yo pou fòme mo a. Nan klas la, yo abitye di mo a epi detire yon dwèt pou chak son yo tandè nan mo a, aprè yo fin repete li.



"fish" gen twa son: /f/ /i/ sh/

2. kare ki an koulè yo reprezante chak son yo tandè nan mo a. Pitit ou a ap mete yon bwat ki an koulè pou li konpare li ak kantite son yo tandè yo. Anjeneral, nou itilize bwat wouj la pou reprezante son vwayèl yo tandè nan mo a.


3. Apre sa, pitit ou a ap mete chak lèt ki reprezante chak son pou yo eple mo yo tandè a, tankou sa a:



[reallygreatreading.com/homeconnection](https://www.reallygreatreading.com/homeconnection)

Pou aprann plis sou ki jan yo idantifye ak konte son nan mo yo, gade nan mini-kou nou yo pou paran yo, ke ou ka jwenn sou sit entènèt la English Learner Home Connection.

<https://www.reallygreatreading.com/el-home-connection>



Pafwa, ou ka kreye yon sèl son le w konbine plizyè lèt, pa egzanp: "sh" gen 2 lèt, men yo fè yon sèl son. Se tankou "ch/" an Kreyòl Ayisyen. /ch/ tankou nan mo "chèz" (chair) oswa "cho" (hot) gen 2 lèt, men yo fè yon sèl son: "ch". Bwat an koulè yo reprezante yon sèl son, epi lèt ki anba yo reflekte ki pati nan mo sa a son yo fè pati

Egzanp lòt mo

Òtograf mo siyifikasyon

		KONFIGURASYON KAWO LÈT	
thin		Liy lan pa t 'epè, li te " thin ". (thin)	
shell		N'ap chèche yon " shell " sou plaj la. (seashell)	 <i>* Bwat yo pou lèt 'll' yo se anba opsyonòtograf konsòn yo nan Jwèt Gratis Kare Lèt la.</i>
bring		Pa bliye " bring " yon kado nan fèt la. (bring)	 <i>* Ou ka jwenn bwat sekans lèt 'ing' yo anba pati Mòso yo nan Jwèt gratis Lèt Kare a .</i>
heard		Mwen " heard " ou te malad. (I heard)	 <i>* Ou ka jwenn bwat sekans lèt 'ear' yo Vwayèl avanse yo nan Jwèt gratis Kare Lèt a</i>
stood		Ewo a " stood " fyèman. (stood up)	 <i>* Ou ka jwenn bwat sekans lèt 'oo' yo nan Vwayèl avanse yo nan Jwèt gratis Kare Lèt a</i>

